# ГЪУДУЛЛЪИ / ДРУЖБА

Газета «Дружба» 90 лет

№ 49 (10122) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2020 сон. 31 июль. /Рузман


## Цойгидавлъун вукIине рес букIинчIо



**Мурадбегов Мурадбег Устарханович ккола ООО «Голдпродукт» компаниялъул директор.**

**Дунялалда цIар араб "Кока-кола" компаниялда цебе гIуцIараб гьас нухмалъи гьабулеб организация (гIуцIи) ккола Дагъистаналда ругелщинал шагьаразда жиб машгьураб ва гьел кванил нигIматаздалъун, жидеца гьекъолел лъиназдалъун хьезарулеб цолъи.**

*Гьаб заманалда цIакъ къанагIатаб жо буго лъикIав чи веццулевги, берцинаб хабар рагIулебги. ГIемерго бадирчIваял гьаричIониги, "Гьав Мурадбегил щай дуца газеталда макъала лъолареб"-ан бакка-бахъи букIана Гъагъадерил. Дагьавго кватIаниги, кинабгоги рехун тун бухьана сапар гьесухъе.*

*Гьайбатаб тIабигIат. ТIогьолъ босараб "ХитIим" гохIдеги вахун балагьана Гъагъадерил росдаде. Сурат бахъизе цебе лъураб мольберт гIадин букIана дида цебе росу. Гьалдасан санагIатаб бакI ккеларилан Мурадбегиеги бокьана росдахъги балагьун, гьабулеб-толелъулги бицине цо-цо баяналги кьезе... Амма цIакъ захIматав, кIалдисан гьоцIоца ккун гурони рагIи бахъун бажаруларев "собеседник" ватана гьев. ЦIакъ битIарабха живго-жинцаго веццулевищха гьавги вукIинев, лъикIаб гьариялъе, гьабулеб хIалтIуе, хIажалъуларелъул рекламаги.*

**Мурадбег, тIоцебесеб иргаялда бокьун буго лъикIаб ишалъулъ битIккагиян гьаризе.**

**Кинан ракIалде ккараб ва сунца мун тIамурав жакъа кутакалдаса халкъалъе пайдаяб гьаб иш тIаде босизе?**

Баркала. ХIакъикъаталдаги кутакалдаса пайдаяб иш буго гьаб, тIолабго росдае.

Лъел суал рагIалде бахъи, ай гьеб роцIцIинабиялде кIвар кьей гьеб ккоaро жакъа къоялда бижараб пикру.

Гьеб унтуца рахIат бахъун букIана гIемер соназ, росдалго, дида гьеб лъазеги лъалаан ва дун гьелда тIад гIемер ургъизеги ургъулаан. Замана жакъа щвараб хIисаб буго ракIалда рукIарал къасдал рагIалде рахъизе. Анищги буго гьаб тIаде босараб хIалтIи лъикIаб даражаялда цебеги инин, хаслихъехун рагIалдеги бахъун росдал гIадамал лъедалъун хьезаризеги кIвелин.

**БитIараб бицанани, гIадамазул роххалие гIорхъи гьечIо нужер хIалтIудаса ва хас гьабун дудаса, гьеб, ай халкъалъул дудаса бугеб разилъиги ккана,нижеда мун лъаялъе ва дуца гьабулеб хIалтIи бихьиялъе гIиллалъун .**

**Буго гьадинаб суал, гьаб иццухъ, ай нужеца лъим кьабизе къучIлъун босараб, кидаго лъим къинчIого букIуниц, нилъеда лъалаха ракъдаллъиялъул завалалъ лъел рахъалъ дандчIвалел захIмалъаби.**

Гьаб иццухъ лъим къунин абураб хабар дида рагIичIо. Жеги лъимерлъудаго чанги мерхьараб мегъ буго гьаб.Хасел, рии, хаслихълъи батIалъи гьечIого кидаго лъим букIунаан гьаниб. Аллагьасе рецц буго, кIудияб кумек буго нижее гьеб, живго БетIергьанасул рахъалъа.

**Нужеда цебе бугеб хIалтIул масштабалъул манзил гIагашагарго цебечIезабизе кIолищ?**

МухIканго лъала. КIиго километралъул манзил буго. Руго насосалги чIезарун лъикIаздаса лъикIал тIаса рищун. Гьадаб иццда аскIоб бан буго лъим бакIаризе хIавуз, гьединалго хIавузал чанго разеги руго. Гьеб кибе, кин къабизе кколебали жамагIаталъ ва росдал администрациялъ рекъезабила. Гьезда лъикI лъаларищха къагIида. Аслияб масъала, халкъалъе лъим щвей ва гьезул разилъи.

**Сунде машгъуллъун, ай щиб ишалда ругел, дур лъимал?**

Цояв васас лъугIизабуна медицинаялъул институт ва хIалтIулев вуго МахIачхъалаялъул 1-себ шагьаралъулаб больницаялда-невропатологлъун. Цогидав вас вуго дирго заместитель. Компаниялда унел аслиял хIалтIабиги гьес гьарула. Дунин абуни гьадинал "Благотворительный" хIалтIабазде вуссун вуго.

**Баркала, гара-чIвариялъухъ. Киназулго рахъалъа гьарула дуе щулияб сахлъи ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъабигун битIккей.**

**М-Р. ГъазимухIамадов.**
**З. МухIамадова.**



*БАРКУЛА КЪУРБАН КЪО!*



*Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи тагIала ва баракатугьу!*

*Дир хириял, районгун ракьцоял, диналъул вацал ва яцал. Гьале тIаде щвана баркатрахIматгун нилъехъе рещтIараб байрам-Къурбан къо. Къварилъигун гIатIилъиги, гIумруялъ кинал хIалбихьиял нилъеда рещтIинаруниги нилъер бусурманаб уммат буго. Гьаб соналъ нилъ кIвекIана къисматалъ. ТIабигIиял балагьал гурелги, гьаб коронавирусалъул къурбанлъунги ккана нилъ.*

*Хьул буго БетIергьанас гьелдасаги нилъ хвасар гьарилин. Гьаб тIаде щвараб Къурбан къоги баркулаго, киназего гьаризе бокьун буго, рекIее парахалъи, рукъалъе давла,ва щивасе сахлъиги.*

**Районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев нужер диналъул вац ХIамзатов Руслан.**



*Хириял диналъул вацал ва гьединго диналъул яцал, районцоял!*

*Дица нужеда киназдаго баркула гьаб нилъеда тIаде щвараб гIидалъул къо-Къурбан байрам. ТIадегIанав Аллагьас гIидалъул къоги баркаталдалъун, рахIматалдалъун бачIараб батаги.*

*Гьеб гIидалъул къоялъги нилъеца гьабулеб гIамалалъул бищун хирияб гIамал буго Къурбаналъе жо хъвей. Гьелъ нужеда гьариги буго, насихIатги буго, нилъее исана хIежги щвечIелъул, кутакалдаса кIудияб гIарац Къурбаналъе гIиялъажоялъеги унеб гьечIелъул, рас рикIкIун кири хъвалеб жоги Къурбан бугелъул, барахщун рукIинчIого, кIварги гьабун, тIалабги гьабун гIидалъул къоялъ Къурбаналъе жо хъвезе гIамал гьабе!*

**Запир ЧУПАНОВ,**
**Болъихъ росдал имам.**

# Цойгидавлъун вукIине рес букIинчIо

Нижер мадугьал вукIана Мурадбегов Устархан абулев историялъул мугIалим, гIажаибго гьайбатаб лага-черхалъул, гьими бадиса камуларев, камилав чи. Гьесул рукIана, ракIалдаса унаро, цIакъ жиндаго релълъарал куц-мухъалъул ункъго лъимерги, кIиго васги ва кIиго ясги. Аллагьасул къадаралда рекъон, гьел лъималазул эбел гIолохъанго хвана ва бесдалалги хьихьун хутIана Устархан.

Бихьаразда лъалеб батила, гIиссинал лъималги хьихьун хутIи, гьеб бигьаяб иш гуреблъи, кигIанги гIагарлъиги, гIадамалги тIаделъаниги гьев мукIур гьавизе кIолев вукIинчIо чIужу ячине, жинца лъималазда бесдал эбел йихьизайиларилан. Сабаб камураб жо гIажалин абуларищха, ахир-къадги мукIурлъана лъадилъун Меседо ячине, мунагьал чураяй къадаралде щваралъул яц. Яцалъул лъимал гьелъиеги чидараллъун ккелищха, камун щибго течIого гьелъ гьел гIезаруна гIадлугун тарбия бугеллъун. Инсул цIар лъурав вукIиналъги ватилаха Устархание цIакъ вокьулаан Мурадбег. Росулъ анцIго классги лъугIизабун витIана ДГТИ-ялде цIализе. ТIадегIанал къиматазда гьебги лъугIизабун, къотIикъаялда рекъон хIалтIизе ккана Чачаналъе. ГIемерал соназ, батIи-батIиял хъулухъазда Мурадбегица живго вихьизавуна бажари бугев, тIаде босараб ишалъе ритIухъав ва рекIкI гьечIев, ракIбацIцIадав хIалтIухъанлъун. ХIатта, гьесул рес букIана гьенивго хъулухъалъул болъабаздасан тIаде вахине ва рукIа-рахьин цебетIезабиялъе шартIал ратизеги. Доб заман букIана бичIчIулареб, рагъа-рачари гIемераб, гIодоб ракI биччан гIумру гьабизе ракI балареб заман. Чачаналъ рагъ байбихьизе къоял тIаде щун рахъунел рукIана. Щиб кканиги рокъобго лъикIилан, лъимал-хъизанги бачун, рещтIен гьабуна ЦIияб Гъагъалъ росулъ. ЦIидасан байбихьана магIишат гьабизе, гьай-гьай цIехезе ккана церегосел гьудулзаби, гьанжего-гьанже цIидасан лъайхъваял, Дагъистан тун къватIирги тIалабал, бухьенал гьаруна. Хасавюрт базаралда цо контейнерги лъун, лъале-хъвалезул квербакъиялдалъун къокъабго заманалда "Пиво- маркет" абураб фирма гIуцIана. Аллагьас гьеб дие къабуллъизе толеб гьечIиланги абун, живго-жиндаго чIарав даранчи хIисабалда (индивидуальный предприниматель) хIалалаб кванагьекъеялъул ишалде жувана ва гьаруна Хасавюрталда кIуди-кIудиял складал, хадурго Дагъистаналъул щибаб шагьаралда базаби, байбихьана цIияб гIумру, гIагабожаралги данде гьарун, гьудулгьалмагълъиги бакIарун гIуцIана живги божулел, жиндаги божулезул къокъаби. Дие бокьун буго дур гьал гьарулел ишазул бицун хъвазеян абидал, разилъичIо Мурадбег. Аллагьасе гIоло гьарулел ишал, гIадамазда лъачIониги бегьулилан, инкар гьабуна гьес. РакI букIунеб гьечIо, гьезул цо-цониги рехсечIого. КIиазаргоялдасанги цIикIкIун цIараки бугеб Хасавюрт районалъул ЦIияб Гъагъалъ цIакъ къварилъи букIана гьекъолеб лъадал. Борлъана цIияб бурутъ, басриял къачIана, къечалдаса гъагъал махIрум гьаруна Мурадбегица. Цойги гьелдаса кIудияб кири кинаб букIинеб гьев инсанасе росдаего гьекъезе лъим чIезабиялдаса, боцIи-панзалъул, хIинчI-кIкIара, хIайваназул бицинчIого. Ма ша Аллагьха...тамашалъиги кинха гьабилеб гьадав сахав инсан, Устарханил вас хашав кинха вижилев. Жакъа гьесул фирмаялда хIалтIулев вуго 300-ялдасанги цIикIкIарав хIалтIухъан, гьел киназулго хъизан-лъимал, гьасул квербакъиялдалъун, лъикIал харжаздасанги разиго, рикъзиги кьун, ресалда сурсаталги щун руго. ГIажаибав инсан...жив гьавураб ва гIураб росуги, ракьги кIоченчIев унго-унгояв Аллагьасул амруги лъалев, аварагасул нухги ккурав, ракI гурхIулев, хIарам-хIалалда гьоркьоб батIа бахъи гьабизе лъалев, унго-унгояв бихьинчи, бусурманчи вуго Устарханил вас Мурадбег. Цоги нухалъ рехсечIого рес гьечIо гьав лъикIав инсанасул цIар, Гъагъалъ росу ахадасан, тIараде щвезегIан, рогIралги лъун иццул лъим бачунеб бугилан рагIидал.

Рахъая умумул, рачIая нахъе ХIасанханил гьабихъ ралагьун чIезе. Чанги къеч буссине кIал чIван гьекъараб. Гьеб ицц бугин гьанже росулъе бачунеб.

Мунагьал чураги Устарханилги, гьадинав иман-яхI бугев бахIарчи гIезавуралъухъ. Гьав политикаялъул чи гуро, рищиял хIажалъуларо, хIатта, бокьараб хъулухъ нухда бачун бажарулеблъиялда нижер божилъиги буго. Цояб гьабун вахъиналде, цойги щиб пайдаяб иш халкъалъе гьабилаян хал ккун вукIуна гьав инсан. Инсан-кIудиял хIарпаздалъун гуребги, меседил хатIалъги бокьилаан хъвазе. Аза-азариде бахинабеги баракатаб дур кверал гьабуралщинал лъикIлъаби. Цойгидавлъун вахъине, яги вижине дуе рес букIинчIо Устарханил вас Мурадбег, дир мадугьал, дир росуцояв, цинги киназулго ракьцояв.

**Гъагъадерил жамагIаталъул гьариялда рекъон хъвана**

**АхIмад-хIажи Халилулаевас.**



## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ КОНСТИТУЦИЯЛЪУЛ КЪО КIОДО ГЬАБУНА



КIудияб тадбиралдалъун кIодо гьабуна нилъер районалда Дагъистаналъул Конституциялъул къо.

Культураялъул хIалтIухъабаз гIуцIараб концерталъулаб программаялъги хассаб чIаголъи кьолеб букIана гъоркьгоги тIахьазул выставкабаздалъун, игIланаздалъун къачIараб централизованнияб библиотекаялъулгун Культураялъул рукъалда цебе бугеб азбаралъе.

Байрам рагьана Культураялъул хIалтIухъан Сабрина Сайпулаевалъ.

-Дагъистаналъул Конституциялъул къо ккола Республикаялъе аслияб байрамазул цояблъун.

Жакъа къоялда жаниб Конституция ккола инсанасул ихтиярал цIунулеб къолденлъун, гIадамал ращад гьарулеб роценлъун.

Хадув кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибиров.

-Ихтияр кье дие районалъул бетIерасул ишал тIуралев Руслан ХIамзатовасул, депутатазул рахъалдаса нужеда баркизе Конституциялъул къо.

ХIурматиял ракьцоял, ракI-ракIалъ гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, битIккей.

Гьарула щивасе районгун Республика ва нилъер гучаб улка цебетIезабиялъе къуват.

Балагьизе рачIаразул ракIал авадан гьарулел рукIана кочIохъабазул ракI сагьвил гьарулел кучIдузги кьурдухъабазул лебаллъиялъги. Бокьаразе рес букIана шахматал хIазе бугеб гьунар бихьизабизеги, тIахьаздасан пагьму гъварид гьабизеги. Байрамкъо гIадинан роххалида унеб батаги ракьцоязул гIумруги!

# "АРКЪУЛА" ХIОР ВА ГЬЕНИР ГЬАРУЛЕЛ ХIАЛТIАБИ

КIудияб бечелъиги, берцинлъиги, балъхъадерил халкъалъе чара гьечIолъиги буго "Аркъула" абураб хIоралъулъ. Гьединлъидал кIварги кьолеб буго гьеб хIоралде росдал гIадамаз. Щибаб санайил чIей гьечIого гьарулел хIалтIабиги рукIуна. Щай ва сундуе гIоло хассаб бербалагьи гьеб бакIалде тIаде рехун бугеб ва кинан унел ругел гьенир гьарула ругел хIалтIаби абурал суалалгун ниж щвана хIорил рагIалде.

Гьенир унел ругоан гIемерал хIалтIаби. БакIалдаго ратана гьеб хIалтIи тIаде босарав мастер ГIазаев МухIамаднур, жамгIияб рахъалдаса МухIамадов МухIамаднур ва росдал бетIерасул заместитель Абусов Шарудин.

Гьабулеб хIалтIул бицун тIоцебе кIалъазе рагIи кьуна ГIазаев МухIамаднурие.

Жакъа кьоялде тIадбан унеб буго хIалтIи. Цодагьал квалквалал рукIуна цIадал раялдалъун. Кин бугониги кIудияб кIвар кьезе кколеб бакI буго гьаб, дагьал церегIан кьоязги цо лъимер букIана гьанкъула, гьаниб хIалтIи гьабулев васасда вихьун хвасар гьавуна. КIудияб балагьалдаса рорчIана, амма хIинкъи гьечIолъи цIуничIого тезе бегьулеб хIалги гьечIо, лъим буго бакIаб, боцIиги гьанкъулел руго, щуго чиясул гIумруги ана гьаб хIоралъ, улбуздеги гьари буго лъималазда хадуб хал ккевейин. Сверун къачIого тезе бегьулеб хIал гьечIолъи бичIчIине бокьун буго администрациялда.

**РакIалда буго сверун къан, къачIазе, гурищ?**

Ният бугоха, администрация лъугьунги, гIадамал лъугьунги сверун къазе, инсанасул гIумру цIуниялде кIвар кьечIого рес гьечIо. Гьединго бокьун буго гьутIбиги лъезе, сверухъ берцинлъиги гьабизе, гIадамазе суратал рахъизе букIа, балагьизе рачIине букIа хIажалъула гIумрудуе хIинкъиги гьечIеб, тIабигIияб берцинлъиги бугеб сверухълъи.

**Нилъеда гьабсагIаталда берда цебе буго хIор гIодобе ккун букIиналъул сурат. Кида гьеб цIезе бугеб?**

Жакъа кьоялда лъим кьабулеб буго жанибе, гьеб цIезеги ккола гIага-шагарго моцIгун анцIго кьоялда жаниб, гьелъие квал-квал ккечIони. БачIине бегьула суал кинал квал-квалал абун, бицунеб буго турбаби руго хун, кIудияб хIалтIигун хиса-басиял гьаризе ккараб хIал буго.

ХIор цIун хадуб жанибе чвахула бугеб лъим, тIасан чвахуларищ, гьелъие кинал тIалабал рукIунел?

хIамадов -Гьаб хIор гьабурабго буго гьанир сверухъ ругел хурзалахал лъалъазе.

ХIукуматги хисана, колхозалги риххана, сверухъ ругел гьутIбиги ракъвалел руго. Ахирисеб 10-15 соналъ гIиси-бикьинал хIалтIаби гьарун гурони букIине кколедухъ хIалтIиги гIуцIулеб гьечIо. Гьабула бугеб хIалтIиги гIолеб гьечIо, гьалда тIад кIудияб гIарцул сурсаталги риччан лъикIаб хIалтIи гьабизе ккола.

Гьаб хIорил лъехъ ралагьун руго гIадамазул ахал, ракъвалел руго гьутIби. КIудияб зарал кколеб буго халкъалъе. Гьанже гьаниб унеб хIалтIиялда тIадчIун буго жамагIат, кIварги кьезе буго. Щибаб ишалъул хал гьабизе буго, щибаб копекалъул хIисаб гьабизе буго.

**Гьаб хIор лъил балансалда бугеб росдал администрациялъулищ, яги районалъулищ ?**

Абусов:-Гьаб буго водрайоналъул балансалда.

Гьаниб хIалтIи гьабизе нижер рес гьечIо. Нижеца гьабулеб жо буго цохIого цо жанибе къватIибе лъим биччай.

**Росдалго сипат берцин гьабулеб бакI буго гьаб, битIахъего ралъад гIадин берда цебе лъураб сурат. Нужерго балансалде гьаб бакI босизе гIамал гьабизе ккеларищ?**

БитIараб буго. Нижеда ракIалдаги буго гьеб нижер балансалде кьеян абизе, кагъатги хъван буго. КъачIазеги ракIалда буго. Балагьилаха кинаб хIукму кьотIилебали.

**Гьекъезе бегьуларин абулеб буго, бокьанани кIола гурищ бегьулеб хIалалде бачине?**

КIола. Амма хIоралъул масъалаго буго хурзал лъалъай. Хурзалги лъалъан гьелъиеги камичIого,исана гIадинан лъел гIей гьечIолъи бакканани рукъалъе хIалтIизабизеги пайда босизе щвела.

Лъураб гьветI лъалъачIони гьеб бакъвала, гьединлъидал гьутIбузе камизабизе рес гьечIо.

**Щибаб соналъ гьаб хIарщ бахъулелищха рукIине ругел?**

ГIазаев:-Гьанже буго лъикIаб техника. Бажарула цIадал кигIан раниги гьадаб хIарщ жанибе чвахулареб жо гьабизе. Гьабулеб гьечIо. ГьабсагIат кьола хIисаб, хIор бацIцIанин, цIунин, тIасияб соналъги гьабго хIалтIи гьабизе журала, гьелъул бакIалдайин абуни рес букIана капиталияб ремонтги гьабун тIокIаб тIад руссунаредухъ хIалтIи рагIалде бахьизе. БацIцIадаб лъимги букIинаан. Амма щивав чияс багьана батулеб буго, гIилла батулеб буго, гIузру бицунеб буго. Хассго ахIи базе бокьун буго "лъималазе нухги къазе ккола",-ян гьанкъулел руго гьел. БакIаб лъим буго гьаб. ЦIодорлъи гьабе!

Нилъер аслияб мурад буго гьаб бакIги берцин гьаби, лъимги цIун букIин ва гIадамазе хурзал лъалъазе лъимги щвей. Гьабулеб данде билълъайги, икъбал кьеги. ХIор цIун хадубги дандчIвала ва хIасилалги цере лъела.

Гьениве тIаде вачIана водрайоналъул нухмалъулев Имангьазали ГIабдулаев.

Ассаламу гIалайкум Имангьазали, цIакъ битIун ккана мун тIаде вачIин. ГьабсагIаталда дудаго рихьулел ругоха гьаб бакIалда унел ругел хIалтIаби. Бокьилаан дурго пикрудул ва дуца кьолеб къиматалъул, бугеб гIузрудул бицине. ХIоралда сверухъги дурго хIалтIулъги.

Ва гIалайкум салам. ГьабсагIаталда бугеб ахIвал-хIал



бихьулеб буго нилъеда. Байбихьун буго лъим цIунулеб бакI бацIцIизе. Бащадалдаса цIикIкIун бацIцIун буго. Лъим лъалъадиялъе биччазе хIалтIи гIуцIизе ккола. Лъим гьечIин абун гIарзалги руго; гьелъие гIиллалъун ккана гIазугун цIадал рачIолъи. Бугониги, жиб-жиб росулъ руго иццал къиналъул хIужжабиги, гIадамазул гIарзалги. Насосалги хисизе ккараб хIал буго. ГIемерал гIузрабиги захIмалъабиги руго цере. Бажарараб гьабила.

Баркала, гьабулеб данде билълъаги.

Гьадинаб букIана "Аркъула" абураб хIорихъе нижер бухьараб сапар. Бихьулеб буго унеб хIалтIи букIин, рагIунеб буго кIудиял къасдалгун хьулазул бицен. ХIасил кватIичIого бихьилин ккола. Бицадейищ хутIараб, рагIалдейищ бахъараб, халкъалда цебе лъезе ва цIализе нижееги къуват, нужееги тавпикъ.



**М-Р. ГьазимухIамадов.**
**З. МухIамадова.**

ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ МАХАЧКАЛА

## ЧТО ДОЛЖЕН ЗНАТЬ АБОНЕНТ о передаче данных прибора учёта газа

### Уважаемые абоненты!

### ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает:

**При наличии прибора учета газа абонент обязан ежемесячно сообщать поставщику газа сведения о показаниях счетчика (п.21 Правил поставки газа №549 от21.07.2008г.).**

**Также, п.3.4.4. «Договора о поставке газа для обеспечения коммунально-бытовых нужд граждан» гласит, что абонент обязан ежемесячно, до 25 числа текущего месяца, сообщать Поставщику сведения о показаниях прибора учёта газа в квитанции по оплате за потребленный газ или другим доступным способом.**

**В случае не предоставления абонентом в установленный срок показаний прибора учета газа, объём потребленного газа за прошедший расчетный период и до расчетного периода, в котором абонент возобновил предоставление указанных сведений, но не более 3 месяцев подряд, определяется исходя из объема среднемесячного потребления газа абонентом. По истечении указанного трехмесячного периода, в котором абонент возобновил представление указанных сведений, определяется в соответствии с нормативами потребления газа (п.31 Правил поставки газа №549 от 21.07.2008г.)**

**Для возобновления расчетов по показаниям прибора учета газа, абоненту необходимо обратиться в заявительном порядке в адрес ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» для вызова представителя поставщика газа для снятия контрольных показаний и проверки газового счетчика.**

**РЕКОМЕНДУЕМ**:

**– передавать показания прибора учета газа в конце каждого расчетного месяца (до 25 числа);**

**– подключить услугу «Личный кабинет абонента» на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»** (www.mkala-mrg.ru) или скачав приложение «**МойГаз**».

**С помощью услуги «Личный кабинет абонента» Вы сможете:**

**– оплатить потребленный газ;**

**–передать показания прибора учета газа (при условии соответствия прибора учета газа требованиям законодательства);**

**– посмотреть баланс и детализацию лицевого счета.**


# ОСТОРОЖНО МОШЕННИКИ!

• Если вы получили СМС сообщения с текстом «Ваша банковская карта заблокирована. Срочно перезвоните по №89094847604», то ни в коем случае не перезванивайте по указанному в сообщении номеру телефона. Помните, один банк не осуществляет подобные рассылки СМС в т.ч. с указанием номера телефона для связи. Номер контактного центра банка указан на оборотной стороне Вашей банковской карты.

• Если вы разместили объявление о продаже имущества на одном из популярных интернет-сайтов бесплатных объявлений и спустя некоторое время Вам позвонит «потенциальный» покупатель, который изъявит желание приобрести продаваемое имущество с предложением внести залог, то ни в коем случае не передавайте ему информацию личного характера (персональные данные номера карт и т.п.) что может быть использовано неизвестным только во вред Вам.

• Если вы получили СМС, либо электронное сообщение о том, что Вы выиграли приз (автомобиль, путевку и т.п.) для получения которого необходимо перенести деньги, при этом лично Вы ни в каком розыгрыше либо акции участия не принимали, ни в коем случае не переводите деньги.

• Если вы получили СМС или ММС сообщение со ссылкой на скачивание открытки, музыки, картинки или программы, в данном случае вы рискуете загрузить программное обеспечение, содержащее вирусы, способные управлять Вашим мобильным банком дистанционно, т.е. перечислять имеющиеся на банковской карте деньги на счета злоумышленников.

• Если на Ваш домашний либо мобильный телефон позвонил неизвестный (либо представился Вашим родственником) сообщил «Ваш сын попал в полицию» или «Мама, бабушка, тетя и т.п. я попал в полицию нужны деньги для благополучного решения вопроса» не паникуйте! Незамедлительно сами свяжитесь со своим родственником, который якобы попал в полицию, лично убедитесь, что с ним все в порядке. Ни в коем случае не выполняйте предлагаемые злоумышленниками требования – перевести деньги через банкомат, платежный терминал либо просто передать деньги посредникам.

• Если в любом общественном месте к Вам обратились неизвестные, которые сообщат Вам, что они не местные, и им должны перевести из другого города деньги, для получения которых необходимо открыть счет в ближайшем банке, либо их товар задержан, арестован на таможне, а для его получения необходимы деньги, то ни в коем случае не передавайте свои паспортные данные посторонним лицам. Ваши данные могут быть использованы лишь в преступных целях! Также ни в коем случае не давайте деньги в долг неизвестным, какое бы Вам не было обещано за это вознаграждение.

• Если к Вам постучали в дверь и представились сотрудниками водоканала, газо – аварийной службы, которые пришли с целью проверки (замены) счетчиков, либо представившись социальными работниками, не спешите открывать дверь неизвестным лицам, кем бы они не были. Убедитесь в достоверности их личности и должности, потребовав предъявить соответствующее удостоверение, по возможности сфотографируйте его. Если вы открыли дверь постороннему лицу, не отвечайте на просьбу принести стакан воды, не выпускайте из вида человека.

• Если вы, просматривая передачу, где за определенную плату предлагают дистанционно излечить от всех недомоганий, то ни в коем случае не торопитесь переводить денежные средства на счета, указанные на экранах телевизоров т.к. вероятнее всего Ваше здоровье останется без изменений, а деньги Вам уже никто не вернет. Для лечения различных недомоганий существует множество специализированных медицинских профильных учреждений.

**Будьте бдительны! Не дайте Себя обмануть!**
**ОУР ОМВД России по Ботлихскому району.**

1992 соналъ АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалъ МухIамадов Шамил МухIамадовичасул цIаралда кьураб 9 класс лъугIиналъул аттестат А №021925 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**


**ГIудуллъи газета гIуцIарал**
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**
Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru
**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**
***М-Р. ХI.ГъазимухIамадов***

**Мухбирзаби:**
ГI.МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова
**Дизайнер**
С. Камилова
**Корректор:**
П.МухIамадова
**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**
**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -300**
**Инд**екс-51349

*Заказ №* _____